



Haitian Creole Edition
Grade 5 Mathematics Test, Book 2
March 5–9, 2007

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane **5**

5–9 mas 2007

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk enstriman pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.




Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

27



Sèvi ak règ ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Dana ranmase vè tè apre yon gwo lapli. Pòtre ki anba a montre premye vè tè li te ranmase.



Pati A

Konbyen santimèt vè tè a mezire nan longè?

Repons _____ santimèt

Pati B

Dezyèm vè tè Dana ranmase a te 3 santimèt anplis nan longè pase premye vè tè a. Trase yon dwat ki montre longè total dezyèm vè tè Dana te jwenn lan.

Kontinye

Trisha fè yon kòmman balon pou distribye nan yon parad nan vil la. Li kreye piktogram ki anba a pou note kantite chak koulè balon li kòmande.

BALON

Koulè	Kantite balon
Wouj	○○○○○○
Vèt	○○○○○○○○○○○
Ble	○○○○○○○○○○○○
Jòn	○○○○○○○○
Blan	○○○○○○○○○○○

LEJANN
○ = 8 balon

Pati A

Konbyen balon wouj Trisha kòmande?

Repons _____ balon wouj

Pati B

Pita Trisha deside fè yon kòmman pou balon vyolet. Kantite balon vyolet li kòmande pi gran pase kantite balon jòn yo epi pi piti pase kantite balon blan yo. Predi kantite balon vyolet Trisha kòmande. Sèvi ak enfòmasyon yo nan piktogram nan.

Repons _____ balon vyolet

Sou liy ki anba yo, eksplike kouman ou te fè prediksyon ou.

29

Yon montay ris fè 23 vwayaj chak jou. Li pote 119 pasaje nan chak vwayaj.
Ki kantite total pasaje montay ris la pote chak jou?


Montre travay ou.

Repons _____ pasaje

Kontinye

30

Andre trase triyang ki anba a, men li pa t ekri mezi an degre pou $\angle Q$.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle Q$?

Repons _____ degre

Sou liy ki anba yo, eksplike kouman ou ka detèmine mezi $\angle Q$ san ou pa sèvi ak yon rapòtè.

31




Sèvi ak rapòtè ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Anna bati yon kloti toutotou lakou li.

Pati A

Dyagram ki anba a montre ang yon kwen lakou li.



Ki mezi $\angle A$?


Repons _____ degre

Pati B

Yon lòt kwen lakou Anna mezire 60° . Nan espas ki anba a, trase yon ang 60° .

Kontinye

Papa Larry fè yon fòm sou yon blòk bwa. Dyagram ki anba a montre kontou fòm nan.



[pa trase selon echèl la]

Pati A

Ki longè kote B a an pous?

Repons _____ pous

Pati B

Ki perimèt blòk la an pous?

Repons _____ pous

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou jwenn repons ou.

33

Nan yon konsè mizik, kat elèv egzekite yon chanson batman men. Kantite batman men, c, chak elèv egzekite pandan chanson an prezante nan tablo ki anba a.

CHANSON BATMAN MEN

Elèv	Kantite Batman men (c)
Ramona	6
Dean	12
Holly	18
Colin	24

Pati A

Ekri règ pou modèl ki nan tablo a.

Montre travay ou.

Règ _____

Pati B

Ekri règ pou modèl ki nan tablo a si kantite batman men Holly egzekite chanje an 24 epi kantite batman men Colin egzekite chanje an 48.

Règ _____

Kontinye

34



Sèvi ak rapòtè ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.


Bonita ap aprann triyang nan lekòl la.

Pati A

Bonita koupe triyang rektang pou yon pwojè boza. Nan espas anba a, trase yon triyang rektang Bonita te ka koupe. Mete senbòl yon ang dwa nan plas ki kòrèk la.

Pati B

Nan kou matematik la, Bonita te trase triyang ki anba a epi li mete lejann sou li.



Ki kalite triyang Bonita te trase?

Repons _____ triyang

Sou liy ki anba yo, eksplike kouman ou te detèmine kalite triyang Bonita te trase.

Place Student Label Here



Ane 5
Egzamen Matematik
Liv 2
5–9 mas 2007

Grade 5
Mathematics Test
Book 2
March 5–9, 2007

The McGraw-Hill Companies
